

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina enas-enasna kahirupan manusa moal bisa leupas tina kabudayaan. Kabudayaan nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat tur diwariskeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi lianna. Ayana budaya katitén tina ayana wujud kabudayaan. Koentjaraningrat (1985, kc. 5) nétélakeun yén kabudayaan boga tilu wujud, nya éta: 1) wujud kabudayaan anu mangrupa idé-idé, gagasan, ajén-ajén, norma-norma, aturan, jrrd. 2) wujud kalakuan anu mangrupa kalakuan manusa di masarakat, jeung 3) kabudayaan anu mangrupa barang-barang hasil karya manusa.

Wujud anu kabudayaan anu kahiji, nya éta idéna anu sipatna abstrak, ngan ayana dina uteuk, pikiran, jeung omongan wungkul. Ieu wujud bisa katitén tina kahirupan masarakat, saperti adat-istiadat, tata karma, jeung bisa ogé katitén dina wangun karya sastra anu geus dibukukeun. Wujud anu kadua, nya éta sistem sosial anu sipatna kongkrit. Ieu katitén tina kalakuan jeung aktivitas manusa anu hirup di éta tempat. Wujud anu katilu, nya éta kabudayaan fisik (*artefak*) anu sipatna kongkrit saperti waditra, batik, iket, buku, jrrd. Salaku wujudna dina kabudayaan, kalakuan (*aktivitas*) kabagi jadi kalakuan *verbal* (lisan jeung tinulis) jeung *nonverbal* (artéfak jeung alam) (Sulasman & Gumilar, 2013, kc. 36).

Patali jeung kabudayaan *verbal* tinulis, masarakat Sunda geus wanoh kana tradisi tinulis. Salasahiji wangun anu mangrupa tradisi tinulis nya éta wawacan. Rosidi (2011, kc. 11) nétélakeun yén wawacan asalna tina kecap “waca” atawa “baca” hartina anu sagala rupa anu dibaca, atawa anu biasa dibaca, tangtu kudu aya wangun tinulisna pikeun dibaca.

Wawacan mangrupa tradisi anu dibaca jeung didangdingkeun maké patokan pupuh. Ieu luyu jeung pamadegan Iskandarwassid (2003, kc. 168), anu nétélakeun yén wawacan nya éta carita anu didangdingkeun, digelarkeuna dina puisi pupuh. Sedengkeun nurutkeun Rusyana (1978, kc. 112), wawacan mangrupa carita panjang anu dianggit maké patokan pupuh. Jalan caritana loba bagian-

bagianna. Kitu deui palaku jeung tempat ngalalakonna loba pisan tur mangsa anu kacaturkeunna ogé lila pisan. Wawacan dianggit ku 17 pupuh, nya éta: asmarandana, balakbak, dangdanggula, durma, gambuh, gurisa, jurudemung, kinanti, ladrang, lambang, magatru, maskumambang, mijil, pangkur, pucung, sinom, jeung wirangrong (Sumardjo, 2011, kc. 109).

Wawacan mangrupa karya sastra buhun. Karya sastra bisa diulik maké struktural ditilik tina struktur carita naratif éta wawacan. Strukturalisme sacara implisit nétélakeun yén carita naratif sarua jeung kalimat anu harti atawa ma'nana mangrupa hasil tina prosés artikulasi (Pettit dina Strauss, 2001, kc. 32). Kajian wacana naratif patali jeung basa, sastra, jeung budaya salaku objék élmu kamanusaan (*humaniora*). Nurutkeun Christomy (2003, kc. 34), analisis wawacan salaku téks ngawengku galur, motif carita, tokoh, latar, jeung téma carita.

Wawacan mangrupa salasihiji wangun tina budaya. Ayana wawacan anu mangrupa wangun tinulis bisa némbongkeun kaayaan budaya jaman harita. Budaya mangrupa kabiasaan anu dipiboga ku masarakat sacara turun-tumurun tur nyampak dina kahirupan sapopoé. Budaya nya éta cara hirup anu mekar jeung dipiboga babarengan ku sakelompok jalma jeung diwariskeun ti hiji generasi ka generasi séjén.

Sacara *universal* kabudayaan ngawengku tujuh unsur, nya éta: 1) sistem réligi (kapercayaan) jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téknologi (Koentjaraningrat, 1985, kc. 2). Éta tujuh unsur budaya moal bisa leupas tina kahirupan masarakat. Ku kituna ayana panalungtikan unsur-unsur budaya nyangkaruk dina éta wawacan pikeun mikawanoh kaayaan budaya mangsa harita.

Kiwari wawacan geus kurang dipikawanoh deui ku jalma réa lantaran kurangna media informasi anu ngawanohkeun sastra buhun ka masarakat. Lian ti éta, anu bisa maca jeung anu boga buku wawacan ogé kawatesanan, lantaran teu kabéh masarakat boga wawacan. Padahal loba ajén-inajén jeung palsapah hirup manusa anu nyangkaruk dina wawacan. Sangkan bisa apal kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina wawacan, ku kituna kudu diayakeun panalungtikan. Tujuan tina

éta kagiatan nya éta sangkan éksisténsi sastra dina wangun tinulis aya pikeun diwariskeun ka generasi anu bakal datang. Salasahiji sastra anu dina wangun tinulis nya éta wawacan Simbar Kancana anu boga ajén-inajén dina kabudayaan Sunda.

Sangkan luyu jeung kamekaran kiwari, téks wawacan ditransformasi kana wangun séjén. Upamana téks wawacan kana wangun novél atawa carpon. Kitu ogé ieu téks wawacan Simbar Kancana ditransformasikeun kana naskah carita Téater Gaok.

Dina mangsa kiwari, masarakat geus wanoh kana wanda budaya Sunda, salasahijina kasenian Gaok anu aya di Desa Kulur Kabupaten Majalengka. Kasenian ieu geus ampir tumpur dina jaman ayeuna. Ieu hal téh disababkeun ku ayana parobahan pola pikir generasi-generasi kiwari anu nganggap yén kasenian tradisional teu ngirut deui, mun ditilik tina jihat hiburan jeung ceuyahna pangaruh budaya deungeun geus asup ngaliwatan média-média *elektronik*. Salian ti éta, sabab musabab tumpurna ieu kasenian téh nya éta kurangna pangrojong atawa partisipasi boh ti masarakat boh ti pamaréntah saperti Dinas Kabudayaan dan Pariwisata (Disbudpar) Kabupaten Majalengka.

Panalungtikan ngeunaan “Wawacan Simbar Kancana jeung Gaok” can réa anu nalungtik. “Wawacan Simbar Kancana” jeung Gaok kungsi ditalungtik dina wangun skripsi anu judulna “Struktur jeung Ajén Moral dina Wawacan Simbar Kancana pikeun Bahan Pangajaran di SMA” disusun ku Irman Aprisa Nugraha (2009), “Ajén Budaya Sunda dina Kasenian

Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” disusun ku Ida Aridah (2013), “Wawacan Simbar Kancana (Ulikan Struktural, Budaya, jeung Étnopédagogik)” disusun ku Opah Ropiah (2015).

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja: Transformasi Wawacan kana Naskah Carita Teater Gaok (Tilikan Struktural)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan ngawengku tilikan struktural jeung transformasi tina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok. Nurutkeun *Kamus Bahasa Inggris* struktur hartina nyusun. Disebut struktur téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra anu gembleg jeung boga ma'na. Dina prosa, upamana kumaha ngaréka unsur-unsur téma, *plot*, latar, jeung tokoh nepi ka ngawujud jadi carita pondok atawa novel.

Sedengkeun pikeun tilikan transformasi, nurutkeun Damono (2012, kc. 1) transformasi salaku alih wahana. Alih wahana nya éta parobahan wangun kasenian nu hiji kana kasenian anu séjén. Alih wahana ngawengku kagiatan narjamahkeun, nyadur, jeung mindahkeun hiji wangun kasenian kana wangun kasenian séjén. Wahana hartina kandaraan, jadi alih wahana lir ibarat pindah ti hiji kandaraan kana kandaraan anu séjén.

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja*?
- 2) Kumaha struktur naskah carita Teater Gaok?
- 3) Kumaha transformasi struktur *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar di handap.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja*.

- 2) Struktur naskah carita Teater Gaok.
- 3) Transformasi struktur *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda, jeung usaha mertahankeun sastra buhun nya éta *Wawacan Simbar Kancana* anu aya patalina jeung sajarah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan eusi *Wawacan Simbar Kancana* anu aya di Majalengka.

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan *Wawacan Simbar Kancana* anu aya di Majalengka sangkan bisa numuwuhkeun kasadaran dirina kana pentingna dokuméntasi sajarah.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu tesis ngawengku lima bab, nya éta ieu di handap:

- 1) Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.
- 2) Bab II Kajian tiori. Dina ieu bab dipedar kajian pustaka (landasan tioritis), dipedar tiori-tiori ngeunaan wawacan, naskah, teater, gaok, struktural, jeung transformasi.
- 3) Bab III Métodologi panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

- 4) Bab IV Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan. Medar déskripsi, analisis struktur, jeung Transformasi *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok.
- 5) Bab V Kacindekan jeung saran. Dina ieu bab ditepikeun kacindekan tina sakabéh pedaran jeung saran pikeun nu maca.